





**LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY
(MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC
SCHOOLS, M-DCPS)
PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI
'TITLE I' NAN NIVO DISTRI A POU ANE
2026-2027**

A decorative graphic in the lower right corner consisting of two concentric circles in a light blue color. The circles are partially visible, with the right side of the image being cut off.



Tab Kontni

● Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS) (Lekòl Leta Miami-Dade County) plan angajman paran ak fanmi 'Title I' nan nivo distri a pou ane 2026-2027	1
● Dimansyon patisipasyon M-DCPS sou angajman paran ak fanmi	1
● Deklarasyon Misyon Sou Angajman Paran Ak Fanmi	1
● Angajman paran yo	2
● Asistans teknik pou lekòl ki ap patisipe nan pwogram Title I atravè tout lekòl yo	3
● Kowòdinasyon ak entegrasyon estrateji angajman paran ak fanmi nan Title I, Pati A avèk lòt pwogram federal	5
● Evalyasyon anyèl kontni ak efikasite règ sou angajman paran ak fanmi	6
● Devlope kapasite lekòl ak paran	7
● Fòmasyon anplwaye	11
● Kominikasyon ak aksesiblite	14
● Angajman paran ak fanmi: Enklizyon lekòl prive	15
● Aktivite diskresyonè pou devlope kapasite paran pou yo patisipe nan lekòl	15
● Rezime sou devlopman kapasite 2025-2026	17
● Baryè ki te jennen patisipasyon paran nan aktivite angajman paran ak fanmi pou 2025-2026	20
● Meyè pratik pou 2025-2026	21



LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY (MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS, M-DCPS) PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI 'TITLE I' NAN NIVO DISTRI A POU ANE 2026-2027

Plan Angajman Paran ak Fanmi 2026-2027 nan Nivo Distri a (*2026-2027 District-level Parent and Family Engagement Plan, PFEP*), te devlope ann akò ansanm moun ki konsène (egz. anplwaye, fanmi, manm kominotè, eks.) ak an konfòmite avèk regilasyon sou finansman federal [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116] *Title I*. Plan an dekri fason Distri a ap chèche kontakte tout paran ak manm nan fanmi pou enplemante pwogram, aktivite, ak pwosedi ki pwomouvwa angajman paran ak fanmi. Anplis *PFEP Title I* nivo Distri a toujou disponib pou paran ak manm fanmi timoun nan lekòl *Title I* ki ap patisipe yo.

DIMANSYON PATISIPASYON M-DCPS SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI

Nou distribye bay paran ak fanmi elèv ki anwole nan lekòl *Title I Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)* (Lekòl Leta Miami-Dade County) Sondaj sou Angajman Paran ak Fanmi *Title I* ann (Anglè, Espayòl e an Kreyòl), sou entènèt e alekri, nan fen chak ane lekòl. Anplis, lekòl ki ap enplemante Pwogram *Title I* atravè tout Lekòl yo te distribye tou Sondaj *Title I* sou Angajman Paran ak Fanmi nan nivo Lekòl la pou paran elèv ki nan lekòl la. Nou itilize done sondaj yo pou fè yon evalyasyon sou kontni e efikasite Pwogram Angajman Paran ak Fanmi an e pou fè planifikasyon pou ane k ap suiv la.

DEKLARASYON MISYON SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI

Misyon Pwogram Angajman Paran ak Fanmi *Title I* Lekòl Leta *Miami-Dade County* a se pou amelyore angajman enpòtan paran nan agrandi ekite ak aksè, amelyore aksè defans, ak ranfòse kapasite tout enterese yo pou yo vin patisipan aktif nan sipòte amelyorasyon ki mezirab pou akonplisman elèv yo. Pou rive fè sa a, *M-DCPS* pral sèvi ak Pati A Rezèv Patipasyon Paran ak Fanmi *Title I* la, pou fè aktivite ak estrateji sa yo.

ANGAJMAN PARAN YO

Lekòl Leta Miami-Dade County (*Miami-Dade County Public Schools, M-DCPS*) pral ofri fòmasyon pou tout anplwaye lekòl ki ap patisipe nan Pwogram *Title I* Atravè tout Lekòl yo sou fason pou entegre paran yo nan devlopman *PFEP Title I* atravè tout Ajans Edikasyonèl Lokal (*Local Education Agency, LEA*), plan *LEA* a, fason yo pral depanse fon yo rezève pou paran ak fanmi ak tout aspè Pwogram *Title I* atravè tout Lekòl yo. Konsèy konsiltatif *Title I* Distri a (*The Title I District Advisory Council, DAC*) ak Katre (4) Konsèy Konsiltatif Rejyonal Paran *Title I* (*Title I Regional Parent Advisory Council, PAC*) ki gen ladan paran ak anplwaye ki soti nan diferan nan lekòl, ki eli paran elèv ki enskri nan lekòl ki enpleman Pwogram *Title I* Atravè tout Lekòl yo, pou sèvi pandan peryòd 2026-2027 la, pral revize e adrese bezwen adisyonèl lekòl ki ap patisipe yo. Komisyon egzekitif *DAC* ak ofisye *PAC* pral fè reyinyon ak aktivite pou angajman paran ak fanmi yo. Dimansyon ak lòd demand ak sekans pou angajman paran yo pral gen ladan ajanda pou reyinyon *DAC* ak *PAC* yo. Sijè Agenda yo ka enkli: enplike paran yo ak fanmi yo nan planifikasyon ak aplikasyon Pwogram Tit I nan tout lekòl la nan lekòl k ap patisipe yo; itilize egzijans minimòm alokasyon Tit I lekòl la pou sipòte [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116], Kondisyon Angajman Paran ak Fanmi; fè Reyinyon Anyèl Paran Tit I nan kòmansman ane lekòl la pou enfòmasyon paran yo sou patisipasyon lekòl la nan Pwogram *Title I* nan tout lekòl la; bay enfòmasyon sou Pwosedi Konsiltasyon ak Plent *M-DCPS* yo; devlope, distribye ak revize *PFEP* Tit I distri ak nivo lekòl la; ki ap fè Reyinyon Anyèl Paran *Title I* nan kòmansman ane lekòl la pou enfòmasyon paran yo sou patisipasyon lekòl la nan Pwogram *Title I* Atravè tout Lekòl yo; ofri enfòmasyon sou Pwosedi Konsiltasyon ak Pote Plent nan *M-DCPS*; devlope, distribye e revize *PFEP Title I* an nan nivo Distri ak Lekòl; distribye Lèt Notifikasyon ann Anglè, Espayòl ak an Kreyòl; e devlope, distribye e revize Akò Lekòl-Paran *Title I* yo, ki disponib tou nan plizyè Lang. Chak *PAC Title I* pral reyini yon minimòm (3) fwa pandan ane lekòl la, pou jwenn ide paran yo pou sipòte devlopman kontinyèl *PFEP* atravè *LEA* a. Komite Egzekitif *DAC* a ka avize Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi a sou fason yo ka depanse fon yo rezève pou angajman paran ak fanmi yo. Lekòl ki ap enpleman Pwogram *Title I* atravè tout Lekòl yo pral etabli yon Konsèy Konsiltatif sou Ekselans Lekòl (*Excellence School Advisory Council, EESAC*). Konsa, *EESAC* pral mete ansanm tout moun ki konsène, ki gen ladan paran e l ap angaje yo nan pran desizyon sou fason lekòl la pral depanse fon yo rezève pou angajman paran ak fanmi.


ASISTANS TEKNIK POU LEKÒL KI AP PATISIPE NAN PWOGRAM TITLE I ATRAVÈ TOUT LEKÒL YO

Distri a pral ofri kowòdinasyon, asistan teknik, ak lòt sipò ki nesesè pou asiste lekòl ki ap patisipe nan Pwogram *Title I* atravè tout Lekòl yo nan planifikasyon ak enplemantasyon aktivite angajman paran ak fanmi ki efikas. Efò sa a pral ede nan devlope kapasite paran pou amelyore akonplisman akademik pitit yo e ogmante pèfòmans lekòl yo an jeneral, atravè mwayen ak aktivite ki ap suiv yo: semine fòmasyon pou direktè lekòl ki ap enplemante pwogram *Title I* 2026-2027 a Atravè tout Lekòl yo; Pòtal Paran (*Parent Portal*) *M-DCPS*; sipò Distri a ofri pou Sant Resous Paran nan lekòl yo; fòmasyon *M-DCPS* disponib pou asiste chak lekòl nan jere efikasman Konsèy konsiltatif sou Ekselans Lekòl (*Excellence School Advisory Council, EESAC*); Pwojè *UP-START*, Pwogram *M-DCPS* pou Edikasyon pou Jèn ki Ap Viv nan Tranzisyon nan *Miami-Dade County*; Akademi Paran an (*The Parent Academy, TPA*); ansanm ak aktivite devlopman pwofesyonèl nou fè atravè Sant Fòmasyon pou Espesyalis Patisipasyon Kominotè (*Community Involvement Specialists, CIS*)/ Espesyalis Lyezon Kominotè (*Community Liaison Specialists, CLS*) *Title I* yo. Anplis, *CIS/CLS* nan lekòl la pral sèvi kòm yon pon ant lakay, lekòl ak kominote a pou fasilite atelye ak sesyon fòmasyon, enfòmasyon, resous, apèl telefonik, vizit lakay, ansanm ak aktivite nan lekòl la ak kominote a ki pral ranfòse kapasite paran an pou angajman ak sipò pou akonplisman elèv la.

Li nesesè pou lekòl ki enplemante Pwogram *Title I* Atravè tout lekòl yo pou soumèt elektwonikman *PFEP Title I* nan nivo Lekòl la, chak ane. Anplwaye Ekip Asistans sou Responsablite ak Teknik (*Accountability and Technical Assistance Team, A-TAT*) Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi an pral revize soumisyon elektwonik *PFEP Title I* nan nivo Lekòl la e ofri asistans teknik ak sipò pou asire konfòmite ak tout demand Seksyon 1116 nan Akò Tout Elèv Reyisi (*Every Student Succeeds Act, ESSA*). Anplis, nan fè efò pou ede lekòl yo plis pou satisfè demand lwa a, anplwaye nan *A-TAT* pral fè vizit asistans teknik nan kèk lekòl *Title I* yo chwazi pou asire konfòmite avèk tout demand [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116].

LEA a ap bay lòt sipò rezonab pou aktivite angajman paran ak fanmi dapre Seksyon 1116, jan paran yo ka mande atravè reyinyon jeneral *DAC* Tit I (omwen de reyinyon an pèsòn/vityèl pa ane epi nan aswè); reyinyon *PAC* Tit I (omwen de pa ane pou chak rejyon administratif nan Distri a, nan diferan lè ak kote pou maksimize patisipasyon paran ak fanmi); ak reyinyon/atelye Tit I nan lekòl yo pou paran ak fanmi pandan tout ane eskolè a. Sijè ajanda reyinyon yo ka genyen ladan yo “Resèt pou Angajman Paran ak Fanmi Efikas,” “Revize ak Amelyore *PFEP* Tit I *M-DCPS*,” ak “Pratik Angajman

Paran ak Fanmi.” Paran ak fanmi yo ap resevwa enfòmasyon ak materyèl tou pou sipòte amelyorasyon siksè akademik pitit yo. Anplis de sa, paran ak fanmi yo ap resevwa enfòmasyon ak fòmasyon nan domèn itilizasyon teknoloji, ladrès pou lavi, ak bezwen sèvis kominotè. Distri a ap bay lekòl yo lòt konsèy sou angajman paran ak fanmi nan Manyèl Pwosedir Divizyon Pwogram Sipò pou Elèv ak Fanmi, ki se yon resous adisyonèl ki disponib pou lekòl k ap patisipe nan Pwogram Tit I pou tout lekòl la. Manyèl Pwosedir a gen enfòmasyon sou tout eleman Pwogram Tit I pou tout lekòl la, ki gen ladan kondisyon espesifik *ESSA*, Seksyon 1116, tankou *PFEP* ak egzanp modèl Kontra Lekòl-Paran. Anplis de sa, sitwèb Divizyon Pwogram Sipò pou Elèv ak Fanmi an, title1.dadeschools.net, ak Sit Kolaborasyon Konfòmite Lekòl Tit I a disponib pou sipòte tout lekòl Tit I k ap patisipe yo.



KOWÒDINASYON AK ENTEGRASYON ESTRATEJI ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN TITLE I, PATI A AVÈK LÒT PWOGRAM FEDERAL

1	Pwogram Migran	Anba sipèvizyon Direktè Egzekitif Pwogram Migran an, anplwaye ofri sèvis enstriksyonèl ak sipò siplemantè pou travayè migran ak fanmi yo atravè plizyè eleman, ki gen ladan Pwogram Aprantisaj Timoun Migran Anbazaj Bonè ansanm avèk Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi an.
2	Pwojè <i>UP-START</i>	Anba sipèvizyon Direktè Pwogram <i>UP-START</i> (Koòdonatè Distri pou Moun San Kay) nan Pwogram Edikasyon pou Moun San Kay la, Koòdonatè Lekòl pou Elèv San Kay yo jwe yon wòl enpòtan nan pataje enfòmasyon sou opòtinite fòmasyon pwofesyonèl ki disponib pou paran yo. Anplis de sa, Direktè a souvan envite pou prezante nan sesyon oryantasyon Titre I <i>CIS/CLS</i> ak lòt reyinyon paran, kote li bay enfòmasyon esansyèl sou sèvis ak resous ki disponib pou elèv ak fanmi k ap fè fas ak enstabilite lojman oswa sityasyon san kay.
3	Akademi Paran an	Anba sipèvizyon Direktè a, Akademi Paran Lekòl Leta <i>Miami-Dade County</i> a se yon inisyativ atravè Distri a ki fèt pou sipòte angajman famiyal ak kominotè atravè Distri a. Akademi Paran an fè patenarya avèk òganizasyon lokal ak nasyonal yo pou ofri yon gran varyete resous gratis nan yon efò pou ede paran vin patnè konplè nan edikasyon pitit yo.
4	Pwogram Edikasyon Bonè pou Timoun Anbazaj (<i>Early Childhood Programs</i>)	Anba sipèvizyon Direktè Administratif Pwogram Edikasyon Bonè pou Timoun Anbazaj (<i>Program Early Childhood</i>), anplwaye sipòte angajman ak patisipasyon paran jèn timoun avèk yon varyete eksperyans enpòtan atravè pwogram ' <i>Head Start</i> ' ' <i>Early Head Start</i> ' ak Klas Matènèl Volontè (<i>Voluntary Pre-Kindergarten</i>), an konjonksyon avèk Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi.
5	Edikasyon Elèv Eksepsyonèl	Anba sipèvizyon Direktè Administratif Biwo Sèvis ak Sipò Edikasyonèl la, Depatman Edikasyon Elèv Eksepsyonèl la sèvi timoun ak fanmi atravè Distri a nan devlope, kowòdone, ak kontwòle pwogram ki sipòte elèv ki gen andikap yon fason pou asire pratik kourikoulòm, ak pratik konpòtman yo devlope yon fason pou satisfè bezwen edikasyonèl elèv yo.
6	Pwogram Sèvis Edikasyonèl Altènatif	Anba sipèvizyon Direktè Administratif Pwogram Sansibilizasyon Sèvis Edikasyonèl Altènatif la, Direktè ak Asistan Direktè Lekòl la, ansanm ak anplwaye yo ofri sipò ak sèvis enstriksyonèl anplis pou elèv ki neglije ak sa ki delenkan ansanm ak fanmi yo. Biwo a ede tou avèk pwopagasyon enfòmasyon konsènan disponiblite fòmasyon pou paran, evènman/aktivite, atelye ak lòt enfòmasyon ki gen rapò avèk edikasyon apre lekòl segondè.

EVALYASYON ÀNYÈL KONTNI AK EFIKASITE RÈG SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI

Nou ap fè yon Sondaj Ànyèl sou Angajman Paran ak Fanmi *Title I M-DCPS* anvan fen ane lekòl la pou evalye kontni ak efikasite aktivite sansibilizasyon angajman paran ak fanmi yo nan amelyore kalite akademik, Pati A *Title I* lekòl yo atravè evolisyon ane a. Anplis, sondaj la ap ede nan idantifye baryè pou yon meyè patisipasyon paran nan aktivite ki sanksyone yo. N ap itilize rezilta nou jwenn nan evalyasyon an pou kreye estrateji ki pi efikas pou ane lekòl ki ap vini an. Nou pral fè yon efò kolaboratif pou enfòme paran sou disponibilite ak enpòtans sondaj sa a nan reyinyon Espesyalis Patisipasyon Kominotè (*Community Involvement Specialists, CIS*)/Espesyalis Lyezon Kominotè (*Community Liaison Specialists, CLS*), *Title I* Distri a ak Rejyon an, Bilten Nouvèl *Title I DAC Talk* pou Paran *Title I* (*Title I DAC Talk for Parents*), Bilten Trimestriyèl *Title I* (*Title I Family Connection Bulletin*), Finalsite Message, ak feyè. Sondaj sa a ap disponib sou Entènèt ann Anglè, Espayòl e an Kreyòl pou paran ranpli. Anplis, vèsyon ekri sondaj la pral disponib nan lekòl yo ak nan reyinyon Distri a pou fasilite paran yo ranpli sondaj la. *CIS/CLS* lekòl la oubyen moun ki kontakte paran yo pral kontakte paran yo pou ankouraje e ede elèv yo nan ranpli sondaj la. Apre sa, Distri a pral sèvi ak rezilta sondaj la pou devlope LEA atravè *Title I PFEP* pou nouvo ane lekòl la e *PFEP* nan nivo Lekòl *Title I* an pou tout lekòl nan Pwogram *Title I* an.

Tout lekòl ki ap enpleman Pwogram *Title I* Atravè tout Lekòl la pral pwograme reyinyon pou paran yo anvan fen ane lekòl la kote patisipan yo pral idantifye baryè ki jennen paran ak fanmi yo pou patisipe nan aktivite angajman paran ak fanmi yo pandan ane lekòl la e idantifye etap lekòl la pral pran pou defèt baryè yo idantifye yo. Anplis de sa, Biwo Evalyasyon Pwogram nan pral fè yon evalyasyon ànyèl pou Pwogram *Title I* Atravè tout Lekòl la, ki gen ladan Pwogram Angajman Paran ak Fanmi. Evalyasyon an pral konsantre sou rezilta sèvis nou ofri paran ak fanmi yo.

DEVLOPE KAPASITE LEKÒL AK PARAN

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans
1	Kontni: Responsabilize paran yo, avèk enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, Distri a e kominote a. Aktivite: Koneksyon avèk ajans kominotè ki ofri sèvis sipò pou paran ak fanmi.	C/S/CLS Title I, Anplwaye, Direktè, ak C/S/CLS Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi.	Koneksyon ki etabli yo ap ede reponn a bezwen espesifik fanmi yo pou ankouraje yon anviwònman lakay ki pi estab ak ki bay plis sipò, sa ki finalman ap amelyore reyalizasyon akademik elèv yo ak siksè yo nan lekòl la an jeneral.	Chak Mwa
Evidans Efikasite • Rekòmandasyon Paran sou Lis Ajans Kominotè yo • Fòm Rekòmandasyon nan Ajans Kominotè ki tou Ranpli • Rapò Lekòl sou Angajman Paran ak Fanmi Chak Trimès				
2	Kontni: Ofri rekòmandasyon sou bi ak etap ki nesèsè pou amelyore Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo; devlope e revize ansanm ak Distri a, <i>LEA Title I PFEP</i> an; e ede nan enfòmè paran timoun ki ap patisipe Reyinyon Anyèl Paran an Konsènan Benefis Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la, reyinyon Distri a, ak lòt reyinyon paran, jan li apwopriye. Aktivite: Reyinyon Konsèy Administrasyon <i>DAC Title I</i> an.	Ofisye <i>DAC</i> ki eli, Direktè Distri, Direktè Distri Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi, Direktè Egzekitif, ak Anplwaye chwazi nan Divizyon Pwogram Sipò pou Elèv ak Fanmi.	Rekòmandasyon Komite Egzekitif Konsèy Konsiltatif Distri Titre I (<i>DAC</i>) yo ap itilize pou etabli objektif, inisyativ, ak aktivite ki sipòte reyalizasyon akademik elèv yo.	Out 2026-Jen 2027
Evidence of Effectiveness • Kominikasyon elektwonik • Feyè • Ajanda • Feyè prezans • Feyè nou Bay				

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans
3	Kontni: Ofri enfòmasyon atravè reyinyon, sesyon fòmasyon (an pèsan oswa a distans), ak sipò teknik nan andwa lekòl la pou ede anplwaye lekòl yo konplete efikasman Nivo-lekòl <i>Title I PFEP</i>. Aktivite: Reyinyon, sesyon fòmasyon, sipò ak asistans Teknik <i>M-DCPS</i>.	Anplwaye Distri a nou seleksyone.	Patisipasyon pèsanèl lekòl yo nan fòmasyon pwofesyonèl sou sijè ki gen rapò ak Angajman Paran ak Fanmi ap ba yo enfòmasyon, estrateji, ak zouti pou mete paran yo an kapasite epi ankouraje yon anviwònman lakay ki bay plis sipò, sa ki finalman ap amelyore reyalizasyon akademik elèv yo ak siksè yo nan lekòl la an jeneral.	Out 2026- Jen 2027
Evidans Efikasite - Sesyon enfòmasyon chak Semèn - Ajanda - Rezime Reyinyon yo - Fèy prezans - Feyè nou bay - Rapò Adezyon ak Title I nan nivo Lekòl yo - Prezantasyon <i>Canva</i>				
4	Kontni: Enfòme anplwaye sou patisipasyon lekòl yo nan nan pwogram Pati A <i>Title I</i> an, e eksplike demand Akò Chak Elèv Fè Siksè (<i>Every Student Succeeds Act, ESSA</i>) avèk aksan sou akonplisman akademik elèv atravè angajman paran ak fanmi Aktivite: Reyinyon Ouvèti Lekòl yo.	Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi ak administratè nan lekòl yo.	Patisipasyon pèsanèl lekòl yo nan reyinyon ouvèti lekòl la ap amelyore konpreyansyon yo sou egzijans <i>ESSA</i> yo, espesyalman wòl patisipasyon paran ak fanmi yo. Sa ap mennen nan devlopman estrateji ki pi efikas pou angaje paran yo nan edikasyon pitit yo, sa ki pral kontribye dirèkteman pou sipòte epi amelyore reyalizasyon akademik elèv yo.	Vè fen oktòb 2026
Evidans Efikasite - Ajanda - Fèy prezans - Feyè nou bay <i>Prezantasyon Canva</i>				

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans
5	Kontni: Konpile enfòmasyon sou fason lekòl Title I yo ap pwogrese nan sipòte paran ak angajman famiyal atravè livrezon ansèyman. Enfòmasyon nou konpile yo pral ede nan <i>devlopman LEA ak PFEP</i> nan nivo lekòl pou ane lekòl ki ap vini an Aktivite: Sondaj sou Angajman Paran/Fanmi <i>Title I M-DCPS</i>.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif, Anplwaye nou Anplwaye chwazi nan Divizyon Pwogram Sipò pou Elèv ak Fanmi, ak Direktè Rechèch ak Evalyasyon, Biwo Evalyasyon Pwogram.	Enfòmasyon yo ranmase nan Sondaj Angajman Paran/Fanmi Titre I <i>M-DCPS</i> la ap ede amelyore fason sèvis sipò yo bay epi ranfòse relasyon ant paran ak lekòl la nan fason ki gen sans pou soutni reyalizasyon akademik elèv yo.	Me-Jiyè 2027
Evidans Efikasite - Kominikasyon elektwonik (Bay Enfòmasyon Chak Semèn) - Konpilasyon Rezilta Sondaj yo				
6	Kontni: Bay paran ak fanmi elèv nan lekòl ki ap enpleman Pwogram Title I yon opòtinite anplis pou patisipe nan edikasyon pitit yo. Aktivite: <i>DAC Talk</i> (Konferans DAC), Nouvel pou Paran <i>Title I</i>	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi ak Anplwaye chwazi nan Divizyon Pwogram Sipò pou Elèv ak Fanmi.	Enfòmasyon ki pataje ak paran/fanmi yo sou mizajou konsiltatif, tandans aktyèl nan edikasyon, ak atik ki ankouraje plis angajman nan siksè akademik pitit yo—tankou aksè nan Portal Paran an ak resous ki disponib nan Distri a, lekòl la, ak kominote a—pral ranfòse kapasite paran yo pou yon angajman ki gen sans ak efikas avèk lekòl la ak fanmi yo.	Out 2026-Jen 2027
Evidence of Effectiveness - Nouvel <i>DAC</i> pou Paran <i>Title I</i> - Kominikasyon elektwonik - Fèy prezans pou Reyinyon Jeneral <i>DAC</i>				

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans
7	Kontni: Enfòmè paran yo sou patisipasyon nan lekòl pwogram Pati A, <i>Title I</i> e eksplike demand Akò Chak Elèv Fè Siksè (<i>Every Student Succeeds Act, ESSA</i>) konsènan angajman fanmi ak paran e dwa paran yo pou patisipe nan pwogram sa yo, ansanm ak pwovizyon Dwa pou Paran Konnen (<i>Parents' Right-to-Know</i>) anba ESSA. Aktivite: Reyinyon Anyèl Paran Konsènan Benefis Pwogram Tit I nan tout Lekòl la dirije pa lekòl la.	Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi ak administratè Andwa Lekòl.	Patisipasyon paran ak fanmi yo nan Reyinyon Anyèl Paran sou Benefis Pwogram Lekòl Titre I a espere ogmante konesans ak konpreyansyon yo sou pwogram nan, epi mete yo an kapasite pou kolabore ak edikasyon yo ak defann bezwen pitit yo, sa ki finalman ap kontribye nan amelyorasyon reyalizasyon akademik elèv yo.	Pandan premye semès ane lekòl 2026–2027 la
Evidans Efikasite - Ajanda - Fey prezans - Feyè - Prezantasyon <i>Canva</i> - Pakè Dokimantasyon pou Reyinyon Anyèl Titre I pou Paran - Rapò adezyon ak <i>Title I</i> nan nivo lekòl - Done nou soumèt Chak Trimès atravè Rapò Lekòl sou Angajman Paran ak Fanmi				

FÒMASYON ANPLWAYE

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans
1	Kontni: Ofri asistans teknik, sipò, ak siveyans pou anplwaye nan andwa lekòl yo ka ofri yon pwogram efikas pou angajman paran ak fanmi. Aktivite: Sipò kontinyèl Inite Responsablite ak Asistans Teknik <i>Title I (Accountability and Technical Assistance Team, A-TAT).</i>	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi, ak Anplwaye chwazi nan Divizyon Pwogram Sipò pou Elèv ak Fanmi.	Asistans teknik kontinyèl, sipò, ak siveyans ap amelyore kapasite pèsonèl lekòl la pou sipòte reyalizasyon akademik elèv yo.	Out 2026-Jen 2027
Evidans Efikasite - Koninikasyon elektwonik - Ajanda sesyon fòmasyon - Fèy prezans - Feyè nou Bay - Prezantasyon - Rapò adezyon nivo lekòl <i>Title I</i>				
2	Kontni: Pataj enfòmasyon avèk anplwaye ki ap bay lekòl Title I sipò konsènan demand Seksyon 1116 ESSA, ansanm ak meye pratik e estrateji pou ogmante angajman paran ak fanmi. Aktivite: Sansibilizasyon Paran ak Fanmi ak Reyinyon Anplwaye Inite Konfòmite.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi, ak Anplwaye chwazi nan Divizyon Pwogram Sipò pou Elèv ak Fanmi.	Amelyore konpreyansyon anplwaye Distri a konsènan enplemantasyon Pwogram Angajman Paran ak Fanmi <i>Title I</i> an, ak sipò akonplisman akademik elèv yo	Out 2026-Jen 2027
Evidence of Effectiveness - Ajanda - Fèy prezans - Feyè nou bay				

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans
3	Kontni: Fè sesyon Fòmasyon ak Aprantisaj Pwofesyonèl pou ede lekòl yo aplike Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Titre I a avèk efikasite. Aktivite: Reyinyon <i>M-DCPS</i>, Sesyon Fòmasyon ak Atelye.	Anplwaye nou Chwazi nan Distri a.	Patisipasyon pèsònèl lekòl la nan opòtinite aprantisaj pwofesyonèl, tankou fòmasyon ak estaj sou entènèt, ap amelyore konpreyansyon yo sou egzijans Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Titre I a, pou sipòte reyalizasyon akademik elèv yo.	Septanm 2026- Jen 2027
	Evidans Efikasite • Ajanda • Fèy prezans • Feyè nou Bay • Prezantasyon			
4	Kontni: Enfòme anplwaye yo sou patisipasyon lekòl yo a nan pwogram Pati A <i>Title I</i>, e eksplike kondisyon <i>ESSA</i> yo avèk mete aksan sou akonplisman elèv atravè angajman paran ak fanmi e ofri yon rezime sou pwogram federal tankou sa ki fèt pou Migran yo ak Pwojè <i>UP-START</i>. Aktivite: Sesyon Aprantisaj Pwofesyonèl pou Fasilitatè Konfòmite Titre I nan Nivo Lekòl la.	Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi ak Administratè nan lekòl yo.	Patisipasyon Fasilitatè Konfòmite Titre I nan Nivo Lekòl yo nan opòtinite aprantisaj pwofesyonèl, tankou fòmasyon ak estaj sou entènèt, ap amelyore konpreyansyon yo sou egzijans konfòmite Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Titre I a, pou sipòte reyalizasyon akademik elèv yo.	Septanm 2026 - Jen 2027
	Evidans Efikasite • Ajanda • Fèy prezans • Feyè nou Bay • Resous vityèl/seminè sou entènèt sou sit <i>Title I</i>			

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv	Frekans
5	Kontni: Ofri yon varyete opòtinite devlopman anplwaye ki solid, dewot kalite pou pèmèt <i>CIS/CLS</i> yo sipòte e angaje paran ak fanmi yo efikasan, transmèt enfòmasyon ki esansyèl bay paran yo sou disponiblite ki genyen nan Distri a, lekòl yo, ak resous kominotè yo; e konpile tout dokimantasyon yo mande kòm sipò konsènan angajman paran ak fanmi nan <i>Title I</i>. Aktivite: Sant Fòmasyon Title I pou <i>CIS/CLS</i>.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi, ak Anplwaye chwazi nan Divizyon Pwogram Sipò pou Elèv ak Fanmi.	Ranforse konpetans <i>CIS/CLS</i> yo espere amelyore anpil kapasite yo pou ankouraje patisipasyon paran ak fanmi ki gen sans. Lè yo bati konfyans, ankouraje kolaborasyon, epi kominike objektif ak resous lekòl la avèk efikasite, sesyon Sant Fòmasyon <i>CIS/CLS</i> yo ap ede kreye yon koneksyon ant lakay ak lekòl ki pi solid, sa ki finalman ap kontribye nan ogmantasyon reyalizasyon akademik elèv yo ak siksè edikatif alontèm.	Oktòb 2026 – Desanm 2027
Evidans Efikasite • Kominikasyon elektwonik • Ajanda • Fèy prezans • Feyè nou Bay • Prezantasyon Canva • Rapò Konplè sou Adezyon • Atelye sou entènèt sou sit entènèt <i>Title I</i>				
6	Kontni: Pwomouvwa adezyon ak manda lokal, eta, e federal konsènan enplemantasyon Pwogram <i>Title I</i> an. Aktivite: Fòmasyon pou Direktè Lekòl nan Enplemantasyon Pwogram Title I an atravè Lekòl yo an 2026-2027.	Direktè Administratif, Direktè Distri, Direktè Egzekitif Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi, ak Anplwaye chwazi nan Divizyon Pwogram Sipò pou Elèv ak Fanmi.	Patisipasyon direktè lekòl Title I yo nan sesyon aprantisaj pwofesyonèl ak estaj sou entènèt ap amelyore konpreyansyon yo sou egzijans konfòmite Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I a, pou sipòte reyalizasyon akademik elèv yo.	Septanm 2026 – Jen 2027
Evidans Efikasite • Kominikasyon elektwonik • Ajanda • Fèy prezans • Feyè nou bay • Prezantasyon Canva • Asirans Direktè Lekòl yo Fòm-7560				

KOMINIKASYON AK AKSESIBLITE

Nou pral ofri lekòl yo *PFEP Title I M-DCPS* atravè tout *LEA* yo (Distri) a, ann Anglè, Espayòl e an Kreyòl, pou ofri opòtinite total pou patisipasyon tout paran. Reyinyon Anyèl Paran lekòl yo sou Benefis Pwogram *Title I* nan tout lekòl la ak/oswa minit reyinyon paran yo ak ajanda yo pral reflekte diskisyon sou *PFEP Title I* nan tout *LEA* ki gen kounye a, *PFEP Title I* nan nivo Lekòl yo, ak Akò Lekòl-Paran *Title I* ansanm ak alokasyon finansman pou angajman paran ak fanmi. Distri a ap fè kantite tantativ posib pou enfòmasyon paran yo sou enpòtans patisipasyon yo, atravè mwayen komunikasyon sa yo: Mesaj Telefonik Lekòl yo ap voye (Finalsite Message) ak mesaj tèks sou telefòn pou kay paran elèv ki ap patisipe nan Pwogram *Title I* Atravè Lekòl la; lèt n ap voye dirèkteman lakay paran yo; bilten enfòmasyon *Title I* pou Paran; siy *Title I* pou lekòl yo (lè sa aplikab); feyè n ap bay elèv pote lakay; piblisite nan jounal; medya sosyal; televizyon; e/oubyen anons nan radyo oubyen lòt korespondans elektwonik.

Nou ap fè efò rezonab pou ede paran yo nan lang pa yo e pou ede paran ki gen bezwen espesyal, yon fason pou ba yo enfòmasyon konsènan bezwen ak dwa Elèv ki ap Aprann (*English Learners, EL*) ak timoun edikasyon espesyal yo. Nou ap mete paran yo okouran de disponiblite sèvis entèpretasyon similtane ann Espayòl e an Kreyòl nan tout reyinyon *Title I DAC* ak *PAC* yo. Nou voye anons reyinyon *Title I DAC* ak *PAC* yo elektwonikman bay CIS/CLS nan nan lekòl yo, oubyen yon moun yo deziyen alavans pou yo ka distribye bay tout paran. Anons pou reyinyon sa yo gen ladan notifikasyon konsènan bezwen espesyal yo remèt bay Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi, donk pou yo ka ede ogmante patisipasyon paran ki gen bezwen espesyal. Nou bay paran yo opòtinite pou pataje sijesyon ak opinyon yo pandan reyinyon paran yo. Anplwaye nou yo revize e enpleman sijesyon yo, jan sa apwopriye.

Nou ap bay paran yo plis opòtinite atravè Pwogram Aprantisaj Bonè pou Timoun Migran Anbazaj (*Migrant Early Childhood Learning Program, MECLP*), Resous Akonplisman pou Migran (*Migrant Achievement Resources, MAR*), Planifikasyon ak Akonplisman Akademik pou Migran (*Migrant Academic Planning and Achievement, MAPA*), ansanm ak sèvis sipò. Nou ap entegre paran ki ap patisipe nan atelye, konferans paran-pwofesè, ak lòt aktivite ant lekòl ak kominote a pou paran sa yo ka vin jwe wòl patnè nan pwosesis edikasyonèl pitit yo. Pwogram alfabetizasyon famiyal yo fè pati Sant Resous pou Fanmi yo ansanm ak lekòl lokal ki nan Pwogram Edikasyon Migran yo.

Nou ap voye divès komunikasyon ki soti nan Distri a ak nan lekòl yo ann Anglè, Espayòl e an Kreyòl tankou: Lèt Notifikasyon pou Paran *Title I*, Akò Lekòl-Paran *Title I*, Enfòmasyon konsènan Dwa pou Paran yo Enfòmasyon, Reyinyon Anyèl Paran Konsènan Benefis Pwogram Tit I atravè Lekòl yo, bilten nouvèl nan lekòl la, feyè ak notifikasyon sou fòmasyon paran, ansanm ak pèfòmans akademik elèv *Title I* yo nan evalyasyon eta a nan Lekti/Redaksyon Anglè, Matematik, Syans, ak Syans Sosyal. Nou ka jwenn enfòmasyon konsènan evalyasyon eta a nan fldoe.org.

ANGAJMAN PARAN AK FANMI: ENKLIZYON LEKÒL PRIVE

Enplike paran elijib ki gen timoun nan lekòl prive se yon eleman kle pou ankouraje siksè elèv yo epi asire sèvis ki ekitab. Pou garanti respè pou egzijans sa a, lekòl ki patisipe yo, an kolaborasyon ak founisè sèvis ki gen kontra ak lekòl la, ap mete an plas divès opòtinite pou kenbe fanmi yo enfòme sou konsèy ak estrateji pou sipòte aprantisaj lakay.

AKTIVITE DISKRESYONÈ POU DEVLOPE KAPASITE PARAN POU YO PATISIPE NAN LEKÒL

Kantite	Aktivite	Deskripsyon Estrateji Enplemantasyon	Moun ki Responsab	Frekans
1	Fòmè paran pou ogmante patisipasyon lòt paran [Seksyon 1116(e)].	Fòmasyon/Atelye Akademi Paran an ede paran vin patnè total nan edikasyon pitit yo.	Ofisye Lyezon Familyal, anplwaye Depatman FSS, Anplwaye Akademi Paran, ak anplwaye <i>Title I</i> yo seleksyone.	Out 2026-Jen 2027
Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv Ogmantasyon angajman paran ak fanmi, ki pral ede plis nan ogmante akonplisman akademik elèv.				

Kantite	Aktivite	Deskripsyon Estrateji Enplemantasyon	Moun ki Responsab	Frekans
2	Pwograme reyinyon oubyen fè konferans nan telefòn nan lè ki fleksib pou paran ki pa ka asiste konferans nan lekòl yo regilyèman [Seksyon 1116(e)].	Nou ankouraje lekòl k ap enplemannte Pwogram Title I Atravè Lekòl la pou yo pwograme reyinyon e/oubyen seminè sou entènèt (webinars) nan diferan lè ak jou atravè ane lekòl la, e/oubyen pou yo ofri opòtinite pou paran yo ka patisipe atravè divès modalite, tankou konferans, Google Meet, e/oubyen reyinyon virtwèl, pou ogmante patisipasyon paran yo nan nivo maksimòm.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I.	Out 2026- Jen 2027
Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv Ogmante angajman paran ak fanmi lè nou pèmèt patisipasyon paran ki pa ka asiste reyinyon regikye ki pwograme yo nan nivo maksimòm, ki kapab ede plis nan ogmante akonplisman akademik elèv.				
3	Adopte e enplemannte apwòch modèl pou amelyore angajman paran ak fanmi [Seksyon 1116(e)].	Manm Depatman Ekip Responsablite ak Asistans Teknik <i>(Department of Title I Accountability & Technical Assistance Team, A-TAT)</i> la pwograme kontwòl sou plas, asistans teknik ak sipò ansanm ak reyinyon/seminè sou entènèt. Sant Fòmasyon pou CIS/CLS yo ofri devlopman pwofesyonèl ki fèt pou amelyore ladrès yo kòm anbasadè lekòl yo.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Out 2026- Jen 2027
Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv Ogmante kantite anplwaye nan nan lekòl yo pou responsabilize paran yo avèk enfòmasyon, resous e sèvis, pandan n ap amelyore akonplisman akademik elèv yo.				

Kantite	Aktivite	Deskripsyon Estrateji Enplemantasyon	Moun ki Responsab	Frekans
4	Etabli yon Konsèy Konsiltatif pou Paran (<i>Parent Advisor Council, PAC</i>) nan chak rejyon yo pou bay konsèy sou tout kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan Pati A pwogram Title I nan [Seksyon 1116(e)].	Komite Title I PAC la konseye Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi sou kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan lekòl Title I yo e li sipòte planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè Lekòl la.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I.	Out 2026-Jen 2027
Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv Pwomote aprantisaj elèv atravè yon anviwònman famiyal dakèy lè nou fasilite pataj enfòmasyon konsènan resous ak sèvis ki disponib atravè Distri a.				
5	Etabli yon Konsèy konsiltatif pou Paran (<i>DAC</i>) atravè tout LEA yo pou bay konsèy sou tout kesyon ki gen rapò ak angajman paran ak fanmi nan Pati A pwogram Title I yo [Seksyon 1116(e)]	Komite Egzekitif Title I DAC la konseye Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi sou kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan lekòl Title I yo e li sipòte planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè Lekòl la.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I.	Out 2026-Jen 2027
Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv Amelyorasyon reyalizasyon akademik elèv yo atravè ranfòsman kolaborasyon ant fanmi yo, lekòl yo, ak lidèchip distri a. Lè yo bay yon platfòm estriktire kote paran ak manm kominote a ka bay opinyon yo sou pwogram, politik, ak desizyon finansman Titre I yo, Konsèy Konsiltatif Distri a (DAC) ap ede asire inisyativ yo ann amoni ak bezwen elèv yo.				

REZIME SOU DEVLOPMAN KAPASITE 2025-2026

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Kantite Aktivite	Kantite Patisipan
1	Kontni: Manm Konsèy Egzekitif DAC yo ofri rekòmandasyon sou objektif ak etap ki dwe ranpli pou amelyore Pwogram <i>Title I</i>; yo devlope e revize, an kolaborasyon avèk LEA yo, Plan Title I pou Angajman Fanmi (<i>Title I Parent and Family Engagement Plan, PFEP</i>); e yo ede nan enfòmasyon paran konsènan Reyinyon Anyèl pou Paran <i>Title I</i> yo, reyinyon Distri yo, ak lòt reyinyon pou paran, lè sa apwopriye. Aktivite: <i>Reyinyon Konsèy Egzekitif DAC.</i>	4	88
Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv Ranfòse relasyon ant paran ak lekòl nan fason ki siyifikatif e ki sipòte akonplisman akademik			
2	Kontni: Patisipan yo devlope e revize <i>PFEP</i> Distri a, an kolaborasyon avèk Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi; yo resevwa enfòmasyon konsènan egzijans Pwogram Title I an, ak dwa paran yo genyen pou yo patisipe; e yo te responsabilize yo avèk enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, Distri a ansanm ak kominote a. Aktivite: <i>Reyinyon Jeneral DAC Title I.</i>	3	813
Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv Ranfòse relasyon ant paran ak lekòl nan fason ki siyifikatif e ki sipòte akonplisman akademik .			

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Kantite Aktivite	Kantite Patisipan
3	Kontni: Devlope e revize <i>PFEP</i> atravè tout <i>LEA</i> yo, an kolaborasyon avèk Divizyon elèv ak Pwogram Sipò Pou Fanmi; resevwa enfòmasyon konsènan egzijans Pwogram <i>Title I</i> yo, ak dwa paran yo genyen pou yo patisipe; pataje enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, Distri a, ansanm ak kominote a. Aktivite: Reyinyon <i>PAC Title I</i>.	12	883
Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv Ranfòse relasyon ant paran ak lekòl nan fason ki siyifikatif e ki sipòte akonplisman akademik.			
4	Kontni: Konpile enfòmasyon sou fason lekòl <i>Title I</i> yo ap sipòte angajman paran ak fanmi nan edikasyon pitit yo. Nou itilize enfòmasyon nou resevwa yo nan devlopman <i>PFEP Title I</i> nan nivo Distri ak nivo Lekòl pou ane 2026-2027 la. Aktivite: Sondaj <i>Title I M-DCPS</i> sou Angajman Paran ak Fanmi pou ane lekòl 2025-2026 a.	1	6,077
Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv Resevwa kòmantè ak sijesyon paran sou fason pou amelyore akonplisman akademik elèv.			
5	Kontni: Ofri aktivite, atelye, materyèl resous ak sipò chak mwa pou amelyore abilite paran ak moun k ap pran swen timoun pou yo pi byen sipòte aprantisaj pitit yo. Aktivite: Sant Resous Paran nan Nan Lekòl.	13,242	426,061
Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv Enplemante pwogram ak aktivite ki te sipòte akonplisman akademik elèv.			

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Kantite Aktivite	Kantite Patisipan
6	Kontni: Amelyore relasyon elèv-pwofesè; ogmante angajman paran ak fanmi e ede nan devlopman kapasite paran pou amelyore akonplisman akademik elèv. Aktivite: Pwogram Ankouraje Edikasyon Siperyè pou Elèv nan Lekòl Nou yo (<i>Challenging Higher Education for Students in our Schools, CHESS</i>).	50	10,414
Enpak Nou Prewa sou Akonplisman Elèv Enplemante pwogram ak aktivite ki te sipòte akonplisman akademik elèv.			

BARYÈ KI TE JENNEN PATISIPASYON PARAN NAN AKTIVITE ANGAJMAN PARAN AK FANMI POU 2025-2026

Kantite	Baryè
1	Orè Travay Paran/Konfli Tan. Etap Lekòl la Ap Pran pou L Fè Siksè Avèk asistans ak kontwòl Distri a, lekòl yo pral oblije ofri yon kantite reyinyon ak atelye sou entènèt ki fleksib, nan maten, nan aprèmidi, ak aswè, nan jou ki diferan nan semèn nan e ki ofri opòtinite pou redui konfli avèk orè travay paran yo, pou ankouraje patisipasyon paran nan evènman sa yo.
2	Lang Etap Lekòl la Ap Pran pou L Fè Siksè Avèk sipò ak siveyans Distri a, lekòl yo dwe bay opòtinite ki ekitab pou patisipasyon paran ki pa metrize lang anglè. Lekòl yo ap ofri materyèl tradui pou bilten enfòmasyon, fòmilè, ak mizajou lekòl la, epi yo ap asire gen entèpretasyon pandan reyinyon, atelye, ak aktivite yo. Anplis de sa, pèsonèl <i>Title I C/IS/CLS</i> yo ap resevwa fòmasyon pou ede fanmi yo navige nan sistèm lekòl la.

MEYÈ PRATIK POU 2025-2026

Kantite

Kontni/Objektif

1

Kontni:

Ofri atelye sou entènèt anvan ak sesyon fòmasyon vityèl pou paran ak fanmi atravè *Title I DAC* ak *PAC*.

Objektif:

Reyinyon atelye/fòmasyon pou devlope kapasite paran.

Deskripsyon Aktivite

Pandan ane lekòl 2025-2026 la, paran yo te gen opòtinite pou yo patisipe nan reyinyon Jeneral Konsèy Konsiltatif Distrik la (*DAC*) ak reyinyon Konsèy Konsiltatif Paran Rejyonal la (*PAC*), swa an pèsòn oswa sou entènèt, sa ki bay opsyon fleksib pou adapte ak divès orè ak preferans. Apwòch sa a fèt pou ogmante patisipasyon paran yo lè li elimine baryè tankou transpò, angajman travay, oswa bezwen gad timoun, pou asire plis fanmi ka rete enfòmè, angaje, epi patisipe aktivman nan edikasyon pitit yo.

2

Kontni:

Opòtinite Aprantisaj Pwofesyonèl Apwofondi ak patisipasyon nan *Empower & Engage*: Fwa Patenarya Kominotè a.

Objektif:

Pou ekipe *CIS/CLS Title I* yo ak konesans, konpetans, ak pratik ki baze sou prèv ki nesèsè pou yo ka angaje, sipòte, epi bay paran ak fanmi yo mwayen pou yo patisipe aktivman nan edikasyon pitit yo.

Deskripsyon Aktivite

Divizyon Pwogram Sipò Elèv ak Fanmi an te òganize sesyon Aprantisaj Pwofesyonèl sou sijè tankou Pi Bon Pratik Dokimantasyon Sistèm Konfòmite Elektwonik nan Nivo Lekòl Tit I a ak Canva. Anplis de sa, *CIS/CLS Tit I* a te patisipe nan *Empower & Engage*: Fwa Patenarya Kominotè a pou elaji konesans yo sou ajans kominotè lokal yo ki disponib pou bay sèvis ak pwogram ki ede ranfòse angajman paran ak fanmi.



Division of Student and Family
Support Programs



305 995-1253



www.title1.dadeschools.net

ANN GRANDI ANSANM!